



Khutbah Jumat
Basa Jawi

ZINA & RIBA
DOSA KANG
NGRUSAK TATANAN

oleh:

Hasan Abu Ayyub

(Pembina Yayasan Al-Furqon Lentera Umat)

KHUTBAH JUM'AT BAHASA JAWA

ZINA & RIBA
DOSA KANG NGRUSAK TATANAN

Oleh: Hasan Abu Ayyub

(Pembina Yayasan Al-Furqon Lentera Umat)

KHUTBAH I

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي هَدَانَا سُبُلَ السَّلَامِ، وَأَفْهَمَنَا بِشَرِيْعَةِ النَّبِيِّ الْكَرِيمِ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، ذُو الْجَلَالِ وَالْإِكْرَامِ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا وَنَبِيَّنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولَهُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَالتَّابِعِينَ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ

أَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا الْإِخْوَانِ، أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ

قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ: أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ، بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا، يُصْلِحْ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ يُطِيعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا وَقَالَ تَعَالَى يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

Jamaah shalat Jumat ingkang kula hormati

Ingang sepindah monggo kita sami ningkataken takwa dumatheng Gusti Allah Ta'ala, kanthi nindakaken sedaya dawuhipun saha nebihi sedaya awisanipun.

Shalawat ugi salam mugi tansah kunjuk dumateng kanjeng Nabi ﷺ, ugi para keluarganipun, para shahabat ugi sinten kemawon ingkang ndherek ugi dados pendherekipun henga dinten kiamat benjang.

Mboten katalumpen monggo tansah ningkataken takwa kita dumateng Gusti Allah Ta'ala kanthi ngathah-ngathahaken tindak kebagusan saha ngathah-ngathahaken ngindari sekabehane tindhak dosa.

Wondene setengah saking tindak dosa ingkang kedah kita tebehi, nun inggih: dosa zina ugi riba.

Jamaah Shalat Jumat Ingkang Kula Hormati,

Kalih jenis dosa kasebat (zina & riba) lamun sampun sumebar ing sawijipun negari badhe ndamel risakke negari wau ugi tatananipun. Kados pangandikanipun kanjeng Nabi ﷺ:

إِذَا ظَهَرَ الرِّبَا وَ الرِّبَا فِي قَرْيَةٍ أَذِنَ اللَّهُ بِهَلَاكِهَا

“Lamun wus sumebar laku zina uga riba ing sawijine negri, Mangka sebab iki berarti wes ngizin-ake (halalake) tumurune siksane Gusti Allah ing iku negri.” (HR. Ahmad I / 393, Abu Dawud 3333, At Tirmidzi 1206, Ibnu Majah 2277, Abu Ya’la 4960)

Saking hadits punika saged dipun pendhet hikmah bilih kalih dosa sinebat saged nuwuhaken risakke negari saha tatananipun.

Jamaah Shalat Jumat Ingkang Kula Hormati,

Dosa kekalih (zina-riba) kejawi saged ngrisak tatanan, ugi mujudaken dosa ingkang ageng sanget bahayanipun.

Gusti Allah Ta’ala ngendika babagan zina:

وَلَا تَقْرَبُوا الزَّيْنَىٰ...!!! إِنَّهُ كَانَ فَاحِشَةً وَ سَاءَ سَبِيلًا

“lan ojo mareki (nyedaki) sira kabeh ing laku zina, karana saktuhune zina iku tumindak kang banget jember.” (QS. Al Israa: 32)

Wondening ngengingi bahayanipun dosa riba, kanjeng Nabi ﷺ paring dawuh:

الرِّبَا سَبْعُونَ بَابًا , أَهْوَاهُا مِثْلُ أَنْ يَنْكِحَ الرَّجُلُ أُمَّهُ

“Riba iku (dosane) ana 70-an lawang utawa tingkatan, dosa riba sing paling ashor serupa karo anak kang nyenengi ibune dewe.” (HR. Ibnu Majah 2275, Al Hakim II / 37, Al Baihaqi 5134, Ibnu ‘Ady V / 1913, Abu Na’im II / 61)

Ing hadits sanesipun kanjeng Nabi ﷺ paring dawuh:

الدَّرْهَمُ الَّذِي يُصِيبُهُ الرَّجُلُ مِنَ الرِّبَا أَشَدُّ مِنْ سِتِّ وَ ثَلَاثِينَ زَنِيَةً فِي الْإِسْلَامِ.

“Sak dirham kang dihasilake saka riba iku dosane luwih gedhe lamun dibanding karo dosane wong zina kaping 36 ing kahanan muslim-muslimah.” (HR. Ahmad V / 225, ath Thabarany 2703, Daruquthny III / 16, Al Baihaqy 5135, Ibnu ‘Ady IV / 258, Ibnu Abi Dunya 175, dishahihkan oleh Al Albani dalam Ash Shahihah 1033)

Lan tasih kathah malih sejatosipun bahayanipun kalih dosa kang sinebat ing ngajeng.

Jamaah Shalat Jumat Ingang Kula Hormati,

Pramila monggo kita tebihi zina ngengeti bahayanipun, antawisipun kanthi: Ndonga nyuwun pangreksa Gusti Allah saking dosa sinebat, ngakeh-akehaken ngibadah ing Gusti Allah, nebihi pergaulan bebas, ngindari tontonan ugi ngendikan inggang jember.

Wondene nebihi riba, antawesipun kanthi: Nyuwun pangreksa Gusti Allah, ngakeh-akehaken ngibadah ing Gusti Allah, urip sederhana utawi prasojo jumbuh kemampuan, mangerteni bahayanipun riba, saha sanes-sanesipun.

بَارَكَ اللهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. أَقُولُ قَوْلِي هَذَا
وَأَسْتَغْفِرُ اللهَ الْعَظِيمَ لِي وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ فَاسْتَغْفِرُوهُ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ

KHUTBAH II

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ، وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِ
اللهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا هَادِيَ لَهُ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ
سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ

أَمَّا بَعْدُ، يَا أَيُّهَا الْمُسْلِمُونَ، أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ فَاتَّقُوهُ، وَعَلِمُوا أَنَّ اللهَ أَمَرَكُمْ
بِأَمْرِ عَظِيمٍ، أَمَرَكُمْ بِالصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ عَلَى نَبِيِّهِ الْكَرِيمِ فَقَالَ: إِنَّ اللهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا
الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ
اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمَشْرِكِينَ
رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.

KHUTBAH JUM'AT

Kunjungi www.alfurqonboyolali.org

dan dapatkan materi-materi khutbah lainnya

عِبَادَ اللَّهِ... إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَلَذِكْرُ اللَّهِ
أَكْبَرُ